आकाशवाणी, गोरखपुर

दिनांक–08 अप्रैल 2026 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में कृषि वैज्ञानिकन आ कृषि बिसेसज्ञन क महासंगम छठी 'उत्तर प्रदेस कृषि विज्ञान कांग्रेस दो हजार छब्बीस' क उद्‌घाटन कइलें। येह मौका पर श्री योगी कहलें कि ई तीनि दिवसीय कृषि विज्ञान कांग्रेस विकसित उत्तर प्रदेस आ विकसित भारत क आधार बनी। उहां के कहलीं कि अन्नदाता खुसहाल होइहें त देस आ समाजो खुसहाल रही। मुख्यमंत्री कहलें कि सरकार कृषि आ खेती के अपने एजेंडा क हिस्सा बनवले हवे आ अन्नदाता किसान उनके साथे जुड़ल बा।

**गत नौवर्ष में हमने कृषि विकास की दर को उत्तर प्रदेश के अंदर आठ फीसदी से बढ़ाकर अट्‌ठारह फीसदी तक पहुंचाने में सफलता प्राप्त की है और जिस क्षेत्र में सबसे अधिक पोटेंशियल यूपी के अंदर मौजूद है। वह फील्ड मैं मानता हूं कि कृषि और कृषि जुड़ा हुआ क्षेत्र है।**

श्री योगी कम लागत आ कम संसाधन से बेसी उत्पादन पर काम कइले क जरूरति बतवलें। उहां के लैब टू लैंड नाहीं बलुक खेतिये के प्रयोगसाला बनवले के जरूरति पर जोर दिहलीं। येह मौका पर मुख्यमंत्री कृषि आ पसु चिकित्सा क्षेत्र में बढ़ियां काम करे वाले वैज्ञानिकन, अध्यापकन, सोधार्थियन, संस्थानन आ एग्री स्टार्ट–अप्स के सम्मानित कइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेस में बेमौसम बरखा, ओला गिरले आ कुछु जगहिनि पर अगिलग्गी के घटना से फसलिन क भइल नोकसान के बारे में आजु लखनऊ में उच्चस्तरीय समीक्षा बइठकी कइलें। मुख्यमंत्री हर परभावित किसानन आ बटाइदारन के नोकसान क सटीक, निस्पक्ष आ समय से आकलन कइ के जुरते सहायता सुनिस्चित करवले क निरदेस दिहले हवें। उहां के अगिलग्गी के घटना में जनहानि आ पसुहानि से परभावित लोगिन के चउबीस घंटा में राहत रासि दिहलहू क निरदेस दिहलीं।

**********

प्रदेस सरकार कहले हवे कि राज्य में पेट्रोल आ डीजल क आपूर्ति पुरहर तरीका से सामान्य बा आ कउनों तरह क कमी नाहीं हौ। सरकार लोगिन से आग्रह कइले हवे कि ऊ अनावस्यक ईंधन क जमाखोरी न करें। येह समय राज्य में बानवे हजार किलोलीटर पेट्रोल आ एक लाख बाइस हजार किलोलीटर डीजल क पुरहर भण्डार मौजूद बा। येह बिच्चे केन्द्र सरकारो दोहरवले हवे कि देस भर में पेट्रोल, डीजल, एलपीजी आ पीएनजी क आपूर्ति सामान्य बा। पश्चिम एशिया के घटनाक्रम पर नई दिल्ली में अंतर–मंत्रालयी संवाददाता सम्मेलन में पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालय क संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा काल्हि कहलिनि कि कउनहूं एलपीजी वितरक केन्द्र पर आपूर्ति में कमी क कउनों खबरि नाहीं बा।

**पेट्रोल, डीजल, एलपीजी, पीएनजी की सप्लाई सामान्य है। एलपीजी डिस्ट्रीब्यूटरशिप्स पर कोई ड्राई आउट रिपोर्टेड नहीं है इसी तरह सारे पेट्रोल पंप भी नॉर्मल ऑपरेट कर रहे हैं। एलपीजी सिलेंडर्स की डिलीवरी नॉर्मल है। ऑनलाइन बुकिंग लगभग 96 प्रतिशत है और डीएसी और ओटीपी बेस्ड डिलीवरी लगभग 90 प्रतिशत तक है।**

**********

अखिल भारतीय आयुर्विज्ञान संस्थान–एम्स गोरखपुर में आजु से एचपीवी टीकाकरण सुरू हो गइल। एचपीवी क टीका सर्वाइकल कैंसर से बचाव बदे लगावल जा रहल बा। येही कड़ी में एम्स गोरखपुर में केन्द्रीय विद्यालय क छात्रा लोगि एचपीवी टीकाकरण कार्यक्रम क उद्‌घाटन कइलिनि। येह मौका पर गोरखपुर क मुख्य चिकित्सा अधिकारी डॉक्टर राजेश झा, एम्स गोरखपुर से डॉक्टर शिखा सेठ आ डॉक्टर आनंद मोहन दीक्षित के सथहीं कई गो बिसेसज्ञ लोगि टीका क महातम समझवलें।

एहसे पहिले एम्स गोरखपुर के स्त्री एवं प्रसूति रोग विभाग के ओरि से मिशन शक्ति अभियान के तहत स्वास्थ्य जागरूकतो कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल। येह मौका पर अपने सम्बोधन में गोरखपुर क सीएमओ डॉक्टर राजेश झा नारी स्वास्थ्य के ले के एम्स गोरखपुर के भूमिका क महत्व के बारे में जिकिरि कइलें।

**एम्स हमारे जिले का ही नहीं, हमारे पूरे प्रदेश में एक सबसे अच्छे बड़े इंस्टीट्‌यूट के होने के कारण महिलाओं के लिये बहुत सारे कार्यक्रम यहां लगातार चलते रहते हैं, चाहे वो महिलाओं के स्वास्थ्य सम्बन्धी सामान्य जांचे वगैरह हो या गर्भवती महिलाओं के देखभाल की बात हो, उनके ऑपरेशन, उनके डिलेवरी, उनके सारी चीजों की बात हो।**

**********

पूर्व केन्द्रीय मंत्री मोहसिना किदवई क बीतलि राति नोएडा के एगो अस्पताले में सरगबास हो गइल। उहां के चौरानबे बरिस क रहलीं। बाराबंकी जिला के बड़ा गांव क रहवइया मोहसिन किदवई केन्द्र सरकार के साथे–साथ प्रदेस सरकारो में मंत्री रहलिनि। उनके सरगबास पर कांग्रेस पारटी क वरिष्ठ नेता लोगिन के सथहीं देस क कई गो अउरियो नेता लोगि ढेरे दुख जतवले हवें।

**********

मौसम विभाग बेमौसम बरखा के स्थिति में सुधार क संकेत दिहले हवे, हलांकि पूरबी जिलन में बिहनहूं कहीं–कहीं बरखा आ गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना बनल बा। विभाग के मोताबिक दस अपरैल से मौसम पुरहर तरीका से सुस्क रही।

**********